

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan dikasangukungan lantaran kurangna naskah gending karesmén nu bisa dipintonkeun ka budak. Ieu hal mangrupa pasualan nu kadang teu kapaliré tapi méré pangaruh keur budak. Karakter budak bisa ditumuwuhkeun ngaliwatan média sastra nu cocog pikeun umurna. Gending karesmén *SUD* mangrupa gending karesmén nu cocog lamun dilalajoan ku budak. Nurutkeun Lukens sastra ngasongkeun dua hal utama nyaéta *kesenangan* jeung *pemahaman* (dina Nurgiyantoro, 2004, kc. 108). Payus pisan upama sastra ngasongkeun dua hal utama éta dilarapkeun ka budak, lain ngan saukur ka kolot wungkul. *SUD* ieu nawarkeun *kesenangan* ngaliwatan kaulinan barudak nu ngadominasi dina sakabéh adegan. *Pemahaman* ngaliwatan basa nu babari dicangkem ku budak.

Dina mesék objék panalungtikan, panulis maké pamarekan struktural pikeun nganalisis karya anu ditalungtik. Anu ditalungtik téh nyaéta struktur naskah drama ngawengku prolog, dialog, babak, adegan/*scene*, solilokui/monolog, kramagung, aside, jeung épilog. Salian ti éta, dianalisis ogé unsur carita dramana, nyaéta téma jeung fakta carita anu ngawengku tokoh, galur, jeung latar carita. Tujuan anu kahontal dina panalungtikan sakumaha anu geus ditepikeun saméméhna, nya éta maluruh 1) struktur carita dina naskah gending karesmén; 2) unsur carita dina naskah gending karesmén; jeung 3) ajén étnopédagogi. Pikeun ngahontal tujuan panalungtikan, dipilih métode ajén étnopédagogi kasundaan. Tuluy, dina ngumpulkeun data objék panalungtikan, péso analisis anu dipaké nyaéta pamarekan struktural Stanton jeung ajén étnopédagogi Suryalaga.

Struktur carita dina naskah gending karesmén anu hadé téh nyaéta anu miboga dalapan struktur di jeron, kayaning prolog, dialog, babak, adegan/*scene*, kramagung, solilokui/monolog, aside, jeung épilog. Tina naskah gending karesmén *SUD* kapaluruh ngan genep, nyaéta prolog, dialog, babak, adegan/*scene*, kramagung, jeung épilog. Dumasar kana éta hal, tandes pisan yén ieu naskah téh ditulis kalawan henteu merhatikeun kalengkepan struktur naskah drama.

Unsur carita dina naskah gending karesmén *SUD*, réréana kapanggih dina alur carita jeung penokohanana. Téma carita naskah gending karesmén *SUD* nyaéta ngeunaan kaulinan barudak. Ku sabab eusi caritana barudak keur arulin di buruan lemburna. Tokoh

utama dina gending karesmén *SUD* aya opat nyaéta Si Ujang, Candramawat, Doraémon, jeung Nobita. Gending karesmén *SUD* karya Wahyu Wibisana diwangun ku opat babak. Dina ieu naskah, kapanggih 18 adegan/*scene*. Robahna unggal babak dina ieu naskah drama katémbong ku ayana robah situasi. Nyirikeun yén galurna maju.

Ajén étnopédagogi nu kapaluruh tina naskah gending karesmén aya opat nyaéta 1) catur jati diri insan, 2) moral manusa, 3) gapura panca waluya, jeung 4) perilaku nyunda trisilas.

5.2 Implikasi

Struktur jeung unsur carita naskah drama dina naskah gending karesmén *SUD* bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang kasusastraan Sunda, hususna dina garapan gending karesmén.

Ajén étnopédagogi tina naskah gending karesmén *SUD* bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang numuwuhkeun sikep jadi manusa nu masagi, hususna pikeun nonoman sangkan jadi picontoeun nu hadé.

5.3 Rékomendasi

Dina panalungtikan, moal leupas tina kaonjoyan jeung kahéngkéran. Sacara umum, ieu panalungtikan miboga sababaraha kahéngkéran dina sababaraha aspék, tapi tetep miharep kaonjoyan dina ieu panalungtikan sanajan saeutik bisa jadi kahadéan, utamana bisa méré mangpaat dina mekarkeun pangaweruh jeung kamekaran dina étnopédagogi. Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sababaraha rékomendasi pikeun mahasiswa, Departemen Pendidikan Bahasa Sunda, jeung pamaréntah.

Mahasiswa, dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan pikeun jadi référénsi dina mata kuliah sastra tur bisa dituluykeun ku panalungtikan-panalungtikan anu leuwih hadé, lantaran ieu panalungtikan masih kénéh kurang tur bisa diguar leuwih jero dina panalungtikan-panalungtikan satuluyna. Departemen Pendidikan Bahasa Sunda, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan numuwuhkeun karaktér manusa masagi. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa jadi bahan rujukan dina mata kuliah pilihan sastra di Departemen Pendidikan Bahasa Sunda FPBS UPI. Pamaréntah, ku ayana ieu panalungtikan dipiharep bisa ngaronjatkeun éksisténsi sastra Sunda anu di jerona ngaguar perkara budaya jeung kahirupan urang Sunda, sangkan meunang panitén anu leuwih ti pamaréntah.

NURUL RAHMI WIDIAWATI, 2020

NASKAH GENDING KARESMEN SI UJANG JEUNG DORAEMON KARYA WAHYU WIBISANA (*Ulikan Struktural jeung Etnopedagogi*)

Universitas Pendidikan Indonesia

repository.upi.edu

perpustakaan.upi.edu